Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NOUVO PWOGRAM KREDI TAKS POU FÒMASYON MENDÈV NAN FABRIKASYON SEMI-KONDIKTÈ

Pwogram nan pral ede konekte travayè yo ak opòtinite nan ekosistèm semi-kondiktè k ap grandi pi rapid nan Etazini an

Nouyòk ap pran devan nan adrese defi nasyonal travayè kalifye yo, pandan l ap pran mezi pou anpeche mankman yo prevwa yo ki kapab menase relansman faktori pis Etazini an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Pwogram Ankourajman pou Fòmasyon Mendèv nan Fabrikasyon Semikondiktè (Semiconductor Manufacturing Workforce Training Incentive Program), ki fèt pou konekte pwogram fòmasyon mendèv yo ak karyè nan sektè endistri semikondiktè eta a k ap grandi rapidman. Nouvo pwogram la, ke Empire State Development administre, sipòte fabrikan semikondiktè ak biznis fabrikasyon ki kalifye yo lè li konpanse depans fòmasyon anplwaye yo pou karyè fabrikasyon ki gen anpil demann, pou ede konpayi yo bati mendèv kalifye ki nesesè pou sipòte kwasans kontinyèl endistri a atravè Eta Nouyòk.

"Nouyòk ap fè envestisman istorik pou l vin destinasyon prensipal nasyon an pou fabrikasyon semi-kondiktè, e sa vle di envesti nan moun menm jan nou envesti nan pwojè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo kredi taks pou fòmasyon mendèv sa a pral ede fabrikan yo devlope mendèv trè kalifye yo bezwen an pandan y ap kreye nouvo opòtinite pou Nouyòkè yo bati karyè nan youn nan endistri k ap grandi pi rapid nan mond lan."

Pwogram nan sipòte fòmasyon ki dirije pa anplwayè yo ki adrese bezwen espesifik biznis yo, amelyore konpetans anplwaye yo, amelyore pwodiktivite epi kreye opòtinite pou avansman karyè. Anplwayè yo, founisè twazyèm pati yo oswa Pwogram Aprantisaj Anrejistre Eta Nouyòk yo ka bay dirèkteman fòmasyon ki kalifye yo. Kredi taks yo ka kouvri jiska 75 pousan nan depans fòmasyon ki kalifye yo, ki gen ladan salè anplwaye yo pandan fòmasyon an, devlopman kourikoulòm, depans pou enstriktè ak sèvis konplè ki kalifye yo, jiska 25,000 dola pou chak anplwaye k ap resevwa fòmasyon ki kalifye. Biznis fabrikasyon semi-kondiktè ki kalifye yo ka resevwa jiska 5 milyon dola nan kredi pandan tout dire pwogram nan, alòske lòt biznis fabrikasyon ki kalifye yo ka resevwa jiska 1 milyon dola.

Pou kalifye, biznis yo dwe opere nan Eta Nouyòk kòm biznis fabrikasyon semikondiktè oswa biznis fabrikasyon ki kalifye, soumèt yon plan fòmasyon mendèv ki apwouve anvan fòmasyon an kòmanse, epi demontre konfòmite avèk egzijans pwoteksyon travayè ak anviwònman. Yo ap aksepte aplikasyon kounye a atravè ESD. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, kondisyon kalifikasyon yo ak materyèl aplikasyon yo disponib isit la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Yon ekosistèm semikondiktè ki solid depann de yon mendèv ki solid. Lè l ede anplwayè yo envesti nan fòmasyon, Nouyòk ap asire biznis yo gen aksè a talan yo bezwen an pandan l ap kreye chemen pou karyè nan fabrikasyon ki gen gwo kalite pou Nouyòkè yo. Pwogram sa a konplete estrateji jeneral nou an pou devlope endistri semi-kondiktè a epi ranfòse pozisyon Nouyòk kòm yon lidè mondyal nan fabrikasyon avanse."

Nouvo pwogram nan demontre lidèchip Nouyòk nan domèn semi-kondiktè a lè li adrese dirèkteman mank travayè kalifye nan peyi a ki menase rezijans fabrikasyon pis lokal la. Dènye rapò sou endistri yo prevwa yon defisi nasyonal ki rive jiska 157,000 travayè kalifye aplentan nan fabrikasyon semikondiktè an 2030. Lè eta bay sipò pou konpanse depans fòmasyon epi fasilite nouvo anbochaj, Nouyòk ap reponn ak apèl ijan pou endistri a epi gouvènman an mete resous yo ansanm, pou asire ke endistri a gen travayè li bezwen yo tout pandan y ap bay Nouyòkè yo opòtinite karyè aksesib nan yon endistri k ap grandi rapidman.

Sa a tou bati sou estrateji konplè Gouvènè Hochul la pou devlope endistri semi-kondiktè Nouyòk la. Pou asire ke Nouyòkè yo prepare pou plizyè milye djòb ki byen peye ke envestisman sa yo kreye, Gouvènè Hochul ap dirije yon estrateji devlopman mendèv anbisye nan tout eta a. Efò sa a chita sou inisyativ ON-RAMP 200 milyon dola a, k ap etabli kat sant mendèv fabrikasyon avanse atravè Rejyon Nò Nouyòk la. Sa gen ladan l etablisman prensipal ON-RAMP ki nan Sid Syracuse la, yon sant ki fèt pou bay fòmasyon nan konpetans esansyèl ak sèvis konplè — tankou gadri ak transpò — pou kreye chemen karyè aksesib.

Semèn pase a, Gouvènè Hochul te selebre yon gwo etap enpòtan nan kanpis fabrikasyon semi-kondiktè Micron an ki vo 100 milya dola nan Nouyòk Santral pandan travayè yo t ap vide premye fondasyon beton yo. Yo te rive atenn gwo etap enpòtan sa a mwens ke sis mwa apre yo te kòmanse travay la epi li make yon pwen enpòtan soti nan preparasyon sit la rive nan konstriksyon vètikal konplè a.

Semi-kondiktè yo bay pouvwa pou tout bagay soti nan telefòn entelijan rive nan satelit, e yo prevwa ke sektè a ap jenere revni 1 trilyon dola sou plan mondyal anvan fen deseni a. Endistri a pote tou yon enpak ekonomik konsiderab pou travayè yo ak fanmi yo — 60 pousan nan travay fabrikasyon semikondiktè yo pa mande yon diplòm katran epi yo peye an mwayèn plis pase 25 pousan plis pase lòt sektè fabrikasyon avanse yo. Avèk plis pase 126 milya dola nan nouvo envestisman ki te anonse depi 2022, Eta Nouyòk se lakay ekosistèm fabrikasyon semikondiktè k ap grandi pi rapid nan peyi a.

Nan fen deseni an, youn sou kat pis ki fèt nan Etazini pral pwodui nan yon distans 563 km (350 mil) ak Nò Nouyòk — plis pase nenpòt lòt rejyon nan peyi a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU